**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–08.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सीतामढ़ी जिलाक पुनौरा धाम मे देवी सीता के समर्पित भव्य मंदिर बनेबाक काजक शिलान्यास कयलनि। मंदिरक शिलान्यास आओर भूमि पूजन वैदिक मंत्रोच्चारक बिच संपन्न भेल। मंदिर आओर लऽग–पासक परिसर बनेबा पर आठ सय तिरासी करोड़ टाकाक खर्च कयल जायत। एहि मे भाग लेबाक लेल अयोध्या, काशी, जनकपुर आओर दक्षिण भारत सहित देशभरिक साधु–संत सभ आयल छथि। एहि मौका पर सीतामढ़ी, जनकपुर आओर संपूर्ण मिथिलांचल क्षेत्र मे उत्साह आओर उत्सवक माहौल अछि। पुनौराधाम मे जानकी मंदिर के अयोध मे बनल भगवान राम मंदिर जेहेन बनाओल जायत। एहि मे पैघ मेला ग्राउंड, संस्कृतिक केन्द्र, परिक्रमा पथ आओर आनो–आन सुविधा रहत। मंदिर बनलाक बाद क्षेत्र मे पर्यटन गतिविधि के बढ़बा भेटत श्री शाह कार्यक्रम स्थल सँ वीडियों कॉन्फ्रेंस द्वारा सीतामढ़ी–नव दिल्ली अमृत भारत ट्रेन के हरियर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि। पूर्व–मध्य रेलवे मुख्य जनसंपर्क अधिकारी सरस्वती चन्द्र जनौलनि जे ई ट्रेन रक्सौल, नरकटियागंज आओर गाजियाबाद होयत नव दिल्ली जायत। ट्रेन काल्हि दुपहर दू बजे नव दिल्ली पहुंचत।

---

केन्द्र सरकार बारह हजार करोड़ टाका सँ बेसीक लागत सँ वर्ष दू हजार पच्चीस छब्बीस लेल प्रधानमंत्री उज्ज्वला योजनाक उपभोक्ता सभ के सब्सिडी जारी रखबाक स्वीकृति दऽ देलक अछि। आब चौदह किलो दू सय ग्राम रसोई गैस सिलेंडर पर तीन सय टाकाक सब्सिडी भेटत।

---

निर्वाचन आयोग एस.आई.आर. के बीच कतेको कारण सँ मतदाता सूची सँ बाहर कयल गेल लोक सभक नाम मान्यता प्राप्त पार्टीक बूथ लेवल एजेंट–बी.एल.ए के संग साझा कयलक

अछि। आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार राज्यक सभ नब्बे हजार सात सय बारह बूथ पर बैसक कऽ बूथ लेवल अधिकारी–बी.एल.ओ सभ प्रारूप सूची सँ बाहर भेल नाम के पढ़ि कऽ सुनौलनि अछि। एहि बीच बी.एल.ए सभ के सूची सौंपल गेल। आयोग लोकसभ सँ आग्रह कयलनि अछि जे पात्र मतदाता सभक नाम सूची सँ कटबाक स्थिति मे दावा–आपत्ति कऽ सकैत छथि जाही सँ हुनक नाम जोड़ल जा सकय।

———————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियताक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे बरखा भऽ सकैत अछि। पछिला चौबीस घंटाक बीच कैमूर जिलाक मदनपुरा मे सभ सँ बेसी एक सय बीस दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा भेल अछि। ओतहि, सीतामढ़ीक बोखरा मे एक सय आठ, अररिया मे एक सय एक दशमलव छओ आओर औरंगाबाद जिला मे बिरासी दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा भेल अछि। राज्यक आनो–आन भाग मे सेहो हल्लुक सँ मध्यम बरखा भेल अछि। मौसम विभाग अनुसार सुपौल, अररिया, किशनगंज आओर कैमूर जिला मे एक–दू ठाम अति भारी बरखा के लऽकऽ अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि,, मधुबनी, पूर्णियां, रोहतास औरंगाबाद आओर बक्सर, जिला मे किछु ठाम भारी बारिश भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

प्रदेश सँ भऽकऽ जायवाली प्रमुख नदीक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। गंगा, बूढ़ी गंडक, बागमती, कोसी सहित कतेको नदी कतेको ठाम खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अुनसार गंगा नदीक जलस्तर बक्सर मे लाल निशान सँ छियालीस सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। ओतहि, गंगा नदीक जलस्तर पटनाक दीघाघाट, गांधीघाट आओर हाथीदह मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। भागलपुरक कहलगांव मे सेहो गंगा नदी खतराक निशान सँ एक मीटर सँ बेसी ऊपर बहि रहल अछि। मुंगेर मे नदीक जलस्तर लाल निशान सँ चौबीस सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। एम्हर सोन नदी पटनाक मनेर मे आओर पुनपुन नदी श्रीपालपुर मे खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि। बूढ़ि गंडक नदी खगड़िया मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, बागमती नदीक जलस्तर मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान सँ छत्तीस सेंटीमीटर बेसी भऽ गेल अछि। कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा आओर कटिहारक कुरसेला मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि।

---

आय सँ बेसी संपत्ति मामिला मे विशेष निगरानिक टीम जहानाबाद मे पदस्थापित डी. एस.पी. संजीव कुमारक पटना, जहानाबाद आओर खगड़ियाक ठेकान पर एक संग छापा मारलक अछि। डीएसपी संजीव कुमार पर एक करोडत्र बाबन लाख टाका सँ बेसीक सम्पतिक अर्जित करबाक आरोप अछि।

---

भाई–बहिनक पवित्र प्रेमक प्रतीक रक्षा बंधनक पावनि प्रदेशभरि मे काल्हि मनाओल जायत। एहि मौका पर बिहार राज्य पथ परिवहन निगमक सिटी सर्विस बस मे महिला आओर छात्रा सभ निःशुल्क आवाजाही कऽ सकती। एहि मे पिंक बस सेहो अछि। बिहार राज्य पथ परिवहन निगमक प्रशासक अतुल कुमार वर्मा जनौलनि जे भोर छओ बजे सँ देर राति धरि निःशुल्क आवाजाहिक सुविधा सभ मार्गक सिटी बस पर देल जायत।

---

नलंदा जिलाक राजगीर मे आइ दू दिवसीय एशिया रग्बी अंडर ट्वेंटी सेबेन्स चैम्पियनशिप दू हजार पच्चीस शुरू भेल। प्रतियोगिताक उद्घाटन खेल मंत्री सुरेन्द्र मेहता कहलनि। एहि मे चीन, हांगकांग, यूएई,, उजबेकिस्तान, नेपाल आओर श्रीलंका सहित नओ देशक एक सय बिरानवे खेलाडी सभ भाग लऽ रहल छथि।

---

सुपौल जिला मे पैंतालीसम सशस्त्र सीमा बल बीरपुर द्वारा हर घर तिरंगा कार्यक्रम में लेल साइकिल रैली निकालल गेल। साइकिल रैलीक मुख्य उद्देश्य सीमा सँ क्षेत्र सटल क्षेत्र मे रहि रहल लोक सभक मन मे देश प्रेमक भावन आओर तिरंगाक प्रति सम्मान बढ़ायब अछि।

---

समाप्त भेल।